

Haitian

Pre **K** Boston

**Lekòl Matènèl Inivèsèl (Universal Pre-Kindergarten, UPK)**, se yon pwogram ki finanse pa Vil Boston e ki pwomèt pou l founi **bonjan kalite chwa siperyè gratis** bay timoun Boston ki gen **laj twa ak katran**. Lekòl matènèl se yon jounen lekòl 6,5 èdtan pandan 180 jou pa ane.

Modèl lekòl matènèl inivèsèl (UPK) Boston an ofri **menm pwogram kalite siperyè yo nan plizyè tip anviwònman :**

Lekòl Piblik  
BostonLekòl  
endepandan yoGadri timoun  
pou fanmi

Sant kominotè

**Lekòl matènèl inivèsèl kalite siperyè vle di :**

- Pwogram Lekòl Matènèl Inivèsèl (UPK) Boston an **depase nòm nasyonal yo**.
- Tout pwofesè lekòl matènèl yo genyen yon **degre nan edikasyon timoun piti (sa yo rele "early childhood education")** e yo prepare pou yo anseye nan divès anviwònman sal de klas pou **bay tout elèv sipò, kèlkeswa orijin yo ak bezwen yo**.
- Pwofesè yo resevwa **devlopman pwofesyonèl kontinyèl** pandan tout ane a pou amelyore ansèyman yo.
- Gen divès antrenè ekspè ki bay **pwofesè yo sipò kontinyèl**.
- Elèv yo aprann kichòy nan **pwogram etid « Boston Public Schools Focus on Pre-K la » (ki vle di « Lekòl Piblik Boston Konsantre sou lekòl matènèl »)** ak nan **pwogram etid « Building Blocks » (« Blòk pou Bati »)**, ki toude sèvi kòm modèl nasyonal nan edikasyon timoun piti.
- Tout anviwònman sal de klas yo **apwopriye pou laj elèv yo e yo pran kilti yo an konsiderasyon**.

Familyarize tèt ou avèk Manyèl Enfòmasyon pou Fanmi pwogram UPK yo ; jis itilize Kòd QR la



## Pre K Boston

### **Kilès ki elijib ?**

Nenpòt timoun ki se yon abitan Vil Boston e ki gen laj 3 oswa 4 an, pa pi ta ke lye septanm nan ane skolè k ap vini an, ap elijib.

### **Se kòman mwen kapab fè yon demann ?**

Pou w enskri pitit ou nan Lekòl Matènèl Inivèsèl nan youn nan founisè kominotè nou yo ak lekòl endepandan n yo, n ap mande w pou w konsilte paj nou sou sit entènèt Lekòl Piblik Boston an ([www.bostonpublicschools.org/upk](http://www.bostonpublicschools.org/upk)) e klike sou bouton « Apply Now » la. Epitou ou kapab kontakte Ekip Enskripsyon UPK la, nan adrès imel : [upk@bostonpublicschools.org](mailto:upk@bostonpublicschools.org), oubyen rele nou nan nimewo telefòn 617-635-1507. N ap bay tradiksyon sou demann. N ap konsidere demann yo tank y ap vini, jiskaske tout plas yo ranpli pami tout founisè yo.

### **Pou ki sa enskripsyon nan Lekòl Matènèl Inivèl (UPK) ak enskripsyon nan Lekòl Piblik Boston chak fèt apa (separeman) ?**

Enskripsyon pou sal de klas lekòl matènèl Lekòl Piblik Boston yo fèt atravè Sèvis Dakèy Lekòl Piblik Boston yo, ki jere enskripsyon nan lekòl yo. Akòz ke founisè kominotè yo ak Lekòl Piblik Boston se de (2) antite apa, yon pwosesis enskripsyon apa te kreye pou satisfè, nan yon fason pi efikas, bezwen founisè sila yo ki pran angajman pou yo etabli yon patenarya avèk Lekòl Matènèl Inivèsèl (UPK) pou sèvi timoun laj 3 jiska 4 an gratis, san peye senk kòb. Byenke enskripsyon pou yon plas nan yon sal de klas Lekòl Piblik Boston ak plas UPK nan yon pwogram kominotè se de (2) bagay separe, entansyon an se pou pwogram nan, eksperyans elèv yo, sipò pwofesè yo, ak ansèyman yo toujou menm. Vil Boston rekonèt ke divès sistèm enskripsyon separe kapab kreye plis kesyon pou fanmi yo, donk vil la pran angajman pou l devlope yon platfòm enskripsyon inifye, nan yon fiti ki pa twò lwen.